Соколёнок

4/2016

июль - август

# Лачен

0+

ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХIУКУМАТАЛЪ КIИ-КIИ МОЦIИДАСАН ЛЪИМАЛАЗЕ БАХЪУЛЕБ ЖУРНАЛ



# Лъималазул шагIир ХIасан ХIабовас 75 сон



## БичIчIана дида



Жеги рогьинелдего
Дада хъегIулев вуго,
Дару кьезе эбелги
ТIаде яхъуней йиго.

ЛъачIого хIатIал квачан,
Керендай унтун бугеб?
Кинго дий хIалхьи гьечIо,
Дадал унти лъачIого.

Радал вахъун, вилълъана
Гьев вегараб рокъове,
Хъалиянальул кIкIуйдулъ
КIотун ккезе вахъана.

Гьанже бичIчIана дида
Дада щайзе хъегIулев:
ГьитIинго течIеб квешлъи
Каранлъан баккун букIин.

# Фазул цIар

## (Васасул яс)



Дунял богогIан мехалъ,
Фазуде кучIдул хъвала,
Кинида ющарай гьей
КъуръангIан яцIцIад йиго.

Жакъа цIар кьолеб буго
Муфти АхIмад-хIажияс,
ГIинзуниб салахI цIалун,
Фазу, Фазуян абун.

Мунги лъугьайги, Фазу,
ГIалил яс Фазу гIадай,
ГIадамазе хирияй,
Халкъияй поэтесса.

Киналго пачалихъал
Дуца хIайран гьареги,
Пагьмуялъгун гьунаралъ
Меседил орден щваги.



# ДахIададал Къурбан

Ясалъул вас Къурбангун
Дун парказда сверула,
Сон тIубана цо лъагIел,
Лъалареб жого гьечIо.

Гьес пульт кодобе босун,
Телевизор биччала,
Гьениб бакъан рагIани,
Къо инегIан кьурдула.

КъватIибе квер битIула,
Вахъайилан цIацIала,
ЦIвакизарун лъун ругел
Туфлаби цере лъола.

# Рии



Рии гIадаб эркенаб
Заманго батиларо,
Лъаралъ, чвахукь чвердолеб,
Черх лъадаризе кколеб.

КьуртIа гIодорги рукIун,
Кьвагьераби гьарулеб,
ХIамагага – магага
Зурмие пузе щолеб.

ХIамида тIадги рекIун,
ТIолго росу сверулеб,
ТIалъагIарире рахъун,
КъоноречIчIи гьабулеб.

ХIанчIазда цадахъ рорчIун
Магъилъе хехго щолеб,
ГIачиязул иргаялъ,
Эмен хисун, хьвадулеб.

Рии гIадаб эркенаб
Заманги батиларо,
Гъудулзабаз къвал бараб,
Бакъул хинлъи цIикIкIараб.

# Унсоколо районалъул Унсоколо росдал т1оцебесеб ва к1иабилеб школалъул ц1алдохъаби: дарсаздаса эркенаб заманалда бат1и-бат1ияб махщел лъазабулел.


















4. СООТНОШЕНИЕ МЕРЫ И МАССЫ
НЕКОТОРЫХ





# ГIабасил МахIамад



Октябралда кIиго сон тIубала аваразул гьунарги тIокIав, тIокIкIараб ва бацIцIадаб мацIалъ гIисиназеги чIахIиязеги хIикматал асарал хъван нахъе тарав Дагъистаналъул халкъияв шагIир, мунагьал чураяв ГIабасил МахIамад Абадияб рокъове аралдаса. Гьесул рухIги бохизе, камилал мухъалги рехсолел рукIине «Лачен» цIалулездаги гьел ракIалде щвезаризин.



* * *

Эбелалъул гьурмада
 рукIкIалабазул хъанхъра,
Дир гIайибазул магIид
рахъарал рахъалциндай?
Эбелалъул расуда
бахараб хъахIаб сура,
Диде божилъиялда
тIад рарал мусралциндай?
Эбел – вас гIезавулей,
сардил макьу гьечIого.
Вас – гьей херлъизаюлев,
жиндагоцин лъачIого.

* * *

Цо лъикIав чиясулъ
лъикIав чиясул
РекIел жахIда ккана –
квешлъун ана гьев.
Цо цIакъав чиясе цIакъаб
реццалъул
Роцен цIикIкIун ккана –
квешлъун ана гьев.

КIиго тушман буго,
сахав инсанги
Инсанлъун толареб –
реццги жахIтаги.

* * *

Жиндир чанил гьвеца
гьанал бох индал,
Элъул кIарчанлъиян
велъана МухIу.
Чияр катитIинчIалъ
тIеренбакь цIайдал,
ЦIогьор-кету чIваян
ахIдана МухIу.
Рокьаразул такъсир –
гьитIинаб мунагь,
Рихаразул хатIаб –
кIудияб мунагь.



* * *

ГIанкI хIинкъиялъ цIунула,
ЦIум борхалъиялъ ккола,
ГъалбацI рекIел къвакIиялъ
Къадруялда хутIула.
Инсан хIинкъиялъ къола,
Пахрулъиялъ вортула,
Амма рекIел къвакIиялъ
Къадруялда хутIула.
КъвакIи – дудаго божи.



* * *

Бихьулареб гудратIе
ЧIегIераб церги ккола.
Рохъдолъ бахчараб цIетIе
ЦIодорги ккун ватула.
ГIазизал лъималаца
Зазидаги квер бала,
Берзур нур босараца
Борхьидаги квашула.
Кинабго... лъангутIилъ.



Бахумеседо Расулова

# Биценал:

## Цо ракIалда

ХIисабалъул дарсида
Даим кIийилал щолев
Давуд гъоркь хутIанила, –
ТIасиялъги добго класс.
Квер борхун киданиги
Дарс бицине вахъинчIев
Вахъун тIадегун Давуд
ЦинтIаго ахIтIанила:
«Гьанже бичIчIана дида
Учителасул калам,
Мелалъ масъала хъвалев
Гьев дихъ валагьулаан.
Цо ракIалда бугилан
СихIирго абулаан.
Бихьулищ, дун гъоркь тезе
БукIун буго ракIалда».



# Цояв лъова тIадги...



Цо пуланаб росулъ палугьанила,
ГьоцIибе бакIарун росугиййила.
Расандулел хIурулъ думабиййила,
Гьурмада маска ххун, ханждал чунтби цIун.

Пулеб зурмайила, къолол сасила,
Къалъараб бакъул гор белъулебила,
Кварида кьурдулев палугьанасухъ
Састун балагьараб росугиййила.

Думабазде вуссун вукIарав цояв
ЦинтIаго хIикмалъун ахIтIаравила:
Цояв лъова тIадги вукIун вугилан,
Кваріде вахарав халлъаравищан.





* * *

МугIрул расалъиялда
ГьитIинабго хIор буго,
МатIуялда релълъараб,
ТIокIкIараб ва бацIцIадаб.

ХIорил матIуялъуре
ТIаде къуларал мугIрул
Рогьалилъ къачIадулел
Ясазда релълъун руго.

Гьелда жанир гъаларал
ГъутIбигицин рихьула,
ГъотIол гIаркьалабиги
ГIодоре далун руго.

Циндаго гъотIодаса
БагIач гIодой бортана.
Гьелъ хIикматаб дуниял
ХIорилъ биххизабуна.

# Гьудуллъиялъул адабият

Михаил Пришвин
(гIурусазул хъвадарухъан)

# КIалъазе лъалеб хIинчI



Дица нужее бицина, лъимал, ракъусоналъ дирго ккараб гIажаибаб лъугьа-бахъин. Дир гордухъе боржун бачIана гьитIинабго ихдалхIинчI. Гьеб бестIал хутIараб тIинчI букIун батизе ккола. Дир рокъобин абуни букIана хъап цIураб огоб. Дица гьеб белъунаан ва щибаб къоялъ цого карщ кваналаан. Гьеб къоялъ хIанчIил тIанчIие кваназе абгил мугьал рана дица ва абуна:

— Карщ квинарищ, гIабдал? – илан.

Мугьалги рищун лъугIизарун, хIинчI боржун ана. Гьелдаса нахъе моцIалдасаги цIикIкIун мехалъ, щибаб къоялъ кваназабуна дица доб хIинчI ва щибаб нухалъ «карщ квинарищ, гIабдал?» – илан махсароги гьабулаан гьелъие. «Квина» абун жаваб рагIизе бокьараб гIадин, гьикъулаан дица, диде ругьунлъун, дица кваназабизе бугеб хьулалъ, дир гордухъе боржунеб хIанчIида. ХIанчIица тIогьилаб гозоги ричIун, багIараб мацI бихьулаан. Цо заманалда дидаго чIалгIана гьелъие кьолеб цого суал ва хIукму ккана тIокIалъ кIалъачIого, хIанчIие квенги бан, гордуги къан, нахъе ине.

Хаслихълъиялде къараб мехалъ абгил таргьиниве ваккарав дида, гьениб цо мугьгицин батичIо. Огобги, гьадри-

нибе бащдаб къотIун рехун букIараб охцералде гIунтIунги, цIогьабаз, кIал гьамизе жо дир рокъоб тун батичIо.

Вакъун, рахIатбахъун вегана дун кьижизе. РогьинегIан бусада хьибил хис-хисун, свер-свелев хутIана дун, кьижизе макьуги бачIунарого. Радал матIуялъуве ваккидал, гIурччинкьер чIвараб гIадин лъугьун бугоан гьумерги.

Циндаго горду кIутIулеб сас рагIана дида. Радалквен гьарун бачIун бугоан добго хIинчI. «Гьале дие гьан!» – абураб пикру бачIана, вакъиялъ татухварав дир ботIролъе.

Гордуги рагьун, хIинчI кквезе къасд гьабуна дица. ХIинчIин абуни, тВархун гъотIоде боржана ва дидаса тIурана. Дун гордухъан галиги бегьун гъотIоде ххарана, гIаркьел бекун хутIараб гIекIиде цIавуцIана. ХIинчI дагьабги каралълъегIан тВархана. ГъотIол кар тIеренаб, чIораххараб букIиналъ, цIакъго хьвагIезе, хьетIаризе лъугьана. Дида тIокIалъ эхеде ххаризе бажаричIо. бетIер сверун, гIодове валагьизе кIолеб букIинчIо. гъотIодаса вортичIого, хIалица гъоркье рештIана. Дир чара-къосинги бичIчIун, тIад белъулеб гIадин, ахIдана диде хIинчI:

– Карр-щщщ кви-на-ррищщщ, гIабдал?!



# Кету хьихьызе бокьун

Гульнара Керимова

(цахуразул шагIир)

ГъитIинго йикIана дун
Кету бачине бокьун,
Гьардана дун инсуда,
Гьеб босизе айилан, –
Квер бахъун, беэдизе,
Квен кьун, дица хьихьизе.
Эмен тIаде вахъана,
Гьимана ва абуна
КатитIинчIго щайилан,
ГIака кваназабеян,
Бачида квер бахъеян,
ГIанкIуязе лъим тIеян,
ТIанчIазе чед бичIчIеян.
Мун кумекалъе гIунин,
Баба йохун йикIинин.
Дир цIодорай ясилан,
Живги рази хутIилин.







Борхатаб мегIералъул хIатIаахада цо царакъор букIана. Къоринир гIорцIараб церги гьелъул разиял тIанчIиги рукIана. Риидал магIарухъ бокьараб хIайваналде чан гьабизе рес букIуна.

Расги лъачIого ана их. Гьелдаго хадуб къокъана рии. РагIалде бахъана хаслихълъиги. ХIанчIи хинал улкабазде роржун ана. ТIаде щвана цIорораб хасел.

Церги тIанчIиги ракъун хутIун рукIана. Квен балагьизе цIакъ захIмалъун букIана. Сардазги къоязги ургъулеб букIана цер, киндай тIанчIазе квен балагьилебилан.

Росдал рагIалда бугеб рокъоб гIумру гьабулеб букIана Керим-кIудадаца. Гьесул азбаралда гIанкIуязул рукъги букIана. Гьеле гьенибе чанад хьвадизе хьул лъуна царал. Щибаб сордоялъ цо-цо гIанкIу бикъулаан цараца, кIудадал азбаралдеги кIанцIун. Ахиралда, цо гIанкIу хутIараб мехалъ, Керим-кIудадаца «цIогьор» кквезе хIукму гьабуна. Хъуна тIарамагъадисеб гIанкIуги, гудратIа гьелъул гьанал кескалги чIван, халккун чIана. Сордо бащалъидал, гIанкIуязул рокъобе лъугьунеб букIараб цер гудратIе ккана. Гудур данде къалеб сас бахъана. Керим-кIудадаца цер рогьинегIан цо кIудияб къолониб тIамун тезе къасд гьабуна. Радал жиндирго васасул лъималазда, цер бихьизейилан щвана Керим-кIудада. Къолониб я цер гуро, яги гIанкIудал гьан батичIо. «Огь, дир гIадаллъи, ахирияб гIанкIуги хъун, дицаго царае кваназе кьурав!» — илан абуна кIудадаца.

Гьелдаса нахъе кIудадахъе «цIогьор» баккичIо. БачIаниги, церги тIанчIиги кваназаризе гIанкIуял хьихьизе кIудадаги лъугьинаро.






**РукIанила - рукIинчIила къиралги гьесул лъадиги. Кинабго лъикI букIинаанила, цо къварилъи букIинчIебани: рукIинчIила гьезул лъимал. ТIарамагъадисебги хьул къотIараб мехалъ, гьаюнила гьезие яс.**

**Рохалил хабар щванила къираласул кверщел бугебщиналъубе. РачIанила гьалбал яс баркизеги гьей йихьизеги. Гьенире ахIун рукIанила тIолалго париялги. Цо бищунго хе-райги ццидалайги пари ахIизе кIочон, гьоркьой хутIун ятанила. ГIемерал сонал рукIанила гьелъул жиндирго сивуниса къватIие яхъинчIого, гьединлъидал, киназдаго гьей цеего хун ятилилан кколеб букIанила.**

**Ццидалай парийин абуни, къираласул гьанжего-гьанже гьаюрай ясалъе квешлъиялъе ургъанила. ЛъикIалщинал парияз жидерго мар-гьуял сайгъатал рачIинегIанги чIун, яс егизаюраб чIухIараб гьулака-лъухъеги ячIун, гьелъ абунила:**

**— Мергуялъ кверги лъукъун, хвезе йиго къираласул яс! — абун.**

**Киналго хIинкъанила. Цо гIолохъанай пари, ясалда аскIоегIан ячIанила ва щурун абунила:**

**— Къираласул яс хвезе гьечIо, ха-насул гьайбатав васги вачIун, гьес йорчIизайизегIан, нусго соналъ кьи-жун хутIизе йиго, — ян.**

**Пашманлъанила къиралги гье-сул лъадиги. Улкаялъул халкъалде-го амуру гьабуна гьес мергу рокъоб тунгутIизе. Нагагьлъун, бахча-хьван мергу батарав чиги чIвазе вугилан лъазабунила.**

**Анила заман. Къираласул яс кIудияй гIунила.**

**Цо нухалъ тира-сверизе яхъарай гьей, цо басрияб сивуние кканила. Гьений гьелда ятанила мергуялде кун дургъулей гIинкъай, кIичIван къула-рай кIодо. Гьелда къираласул буюрухъги рагIун букIинчIила.**

**— Гьаб щиб? — илан хIикмалъун лъугьанила къираласул меседу. Мер-гуялда квер хъварабго, ясалъул кил-щида лъахъвел хIунсанила. Гьеб бакIалдаго хварай гIадин, рехун ани-ла яс.**

**РахIат хварав къиралас кьижирай яс кIалгIаялде йосизе ритIанила гъа-равашал. Къваридго ругел ясалъул эбел-инсудеги гьесул къиралльия-лъул хъулухъчагIаздеги гIолохъанай париялъ сихIруяб тIил хьвагIанила. Руге-ругелъурго нусго соналъ киналго кьижун кканила. Кьижун рукIанила чуялги, хIанчIчIиги, хIайваналги.**

**— Яс макьидаса йигьиндал, гьей ян-гьизго хутIизе гьечIо, — ян щуранила нахъеги, дой лъикIай париялъ.**

**ГъутIбуз жидерго гIаркьалабиги тIаде рачун, лъиданиги бихьиларе-духъ бахчизабун букIанила къирала-сул кIалгIаго.**

**Анила нусго сон. Цо къоялъ ра-дал басрияб хъаладухъе вачIанила гIолохъанав вас. Ханасул васас-да рикIкIадасанго халлъанила гьеб кIалгIа ва гьениве жаниве лъугьи-не бокьанила гьесие. Вас чодаса рештIанила. ГъутIбузги хъархъазги гьесие нух кьунила. Басриял каваби жалго рагьун рачIанила. Вас азба-ралде лъугьанила. Гьенир гIемерал хIикмалъаби рихьанила гьесда. Сверухъ гIадамалги, хIанчIиги,**

хIайваналги, гъастIа букIараб цIагицин гIунун бугила. Гъуригицин даимаб макьида босун бугилан кколеб букIанила.

Щибаб рокъове ваккканила вас. Ахир-къадги батанила яс кьижараб рукъ.

Макьил бика йигоанила кутакалда гьайбатай. Гьес баанила ясалъул кверда.

Ясалъ гьебсагIат берал рагьанила. ТIолабго кIалгIаялда ругелщиналги чIаголъанила. Гьаби хIапдезе журанила, чуял пунхъанила, гъастIа цIа чIваркьезе лъугьанила. РагьтIателазги гъаравашазги жидерго хабар щвараб бакIалдасан бицине лъугьанила. ТIохазда маккал гъургъур бачине журанила.

Макьил бикадаги ханасул васасдаги гьеб щибго рагIулеб букIинчIила. Гьел цоцахъ ралагьун гIорцIулел рукIинчIила.

Гьабунила кIудияб бертин кечIбакъан сверухъго тIибитIанила. ШагIирас мергуялъ кверги лъукъун нусго соналъ кьижун ккарай ясалъулги гьей макьидаса йорчIизаурав ханасул васасулги хIакъалъулъ шигIру хъванила.

Анила сонал. Цоцаца цоцахъе кьун, кьижизаюн йикIарай гьайбатай ясалъул хIакъалъулъ гьаб хIикматаб маргъу нилъехъеги щванила.



# ГьитIинав найихъан

ГIайшат Малачиева



ГъотIода ТIайгибида
ГIомо– горо бихьана,
Цадахъго зузудулеб
ЦохIого хор рагIана:

КаругъветIалъул гIаркьел
ГIодобе цIан ун буго,
ЦIунцIрабазул гохI  гIадаб
ТоргIо гьелда чIун буго:

ГIодулаго бабахъе
Хъетулев вуго ТIайгиб,
ТIатIалго рукIкIбуз васун,
Соролев вуго ТIайгиб.

Найил загьру цIикIкIиялъ
ЦIорола гьав, вухIула,
ЦIодорлъи гIечIолъиялъ
ГIемер вегизе ккола.

Бер рагьизе кIоларо,
Гьорона тIалъалаби,
Бицине жо лъаларо,
Лъавудаса ана вас.

ГIалхул наяз бацIараб
Бачахъун, нахъе гъураб,
ТIинчIнаял данделъараб
ЛъугIулеб мажлис гуро.

Баба, дада тIаделъун,
ТIалинир гъуна наял,
ТIалабалда хьихьидал,
Рекъана гьалгун наял.

Гьанже гьорги чучана,
ХIинкъиги бичун ана,
Жив найихъан кколилан,
КигIан вохун вугев ав!

ЛъагIел индал, ТIайгибил
ТIулбузда баркат лъуна.
Щибаб тIогьол лълъим цIцIулел
Рихьула хIалтIул наял.

– Дуе наял ритIулин,
РагIула гьасда эмен.
– Гьале, гьоцIо чIикIе, – йин,
КIалъала кIудавэмен.

ГьитIинав найихъанин
Бахъула гьасде сарин,
Баракатав вас гIелин,
РагIула мадугьаллъи.

# Бащад гъабун бикьана



Заремагун Мадина
КIудадахъе рачIана,
РачIаралго лъикIилан,
КIуди воххун лъугьуна.
Сайгъат босизеян гьас,
Ясал рохун рукIине,
КIиязего бикьеян,
Кагътил гIарац бегьана.
Гьазги кIудадал сайгъат
КIихIи бащад бихъана,
Ращдал гъурщал кIиязго
КIиго чантинир лъуна.



# Дун гьединай гуро

Лъималаз расанкIаби
Рахъ– рахъалде ран руго:
Бох чIалххараб ци буго,
Цо гIин тIураб гIанкI буго.

Цониги ясикIодул
Расги гъалги тун гьечIо,
Киналго машинаби
Бурдул рекарал руго.

Телефоналъул тIалъел
ТIаса бахъун, билана.
Батарейка лъелълъ хутIун,
ТIокIалъ хIалтIулеб гьечIо.

Цинги тукаде щвани,
Бихьанщинаб гьарула,
ГIарац гьечIин абуни,
Щай гьечIебан,гIодула.

Дун гьединай яс гуро,
РасанкIаби рекизе,
Кидаго гIодой базе
Бабал гIарац букIинищ?

# Жаниб тIамураб ритIуч!

Цо жаниб тун, бихьараб
Рохьил хIайваналъул кечI,
Кидаго чIчIана рекIелъ,
КIоченаро гьеб сурат:

БотIрода гъветI баччараб
Беричаб рухIчIаголъи,
Чармил хьуриги хьухьун,
Чолонибе гъун буго.

Хьихьунилан ритIучIалъ
ТIечIого телищ магIу,
Эркенлъи кIочон тараб,
Чундузухъе нух гьечIеб?

Жидер тухум хутIараб
Рохь макьилъдай бихьула?
Гьалмагълъи рикIкIалъараб
Къо рекIелъдай букIуна?

Лъималазда кодосан
Кванан ругьунлъаниги,
Лълъелъ гIадин ругин берал,
ГIодулебдай букIуна?

Нилъедеги балагьун
Абулеб бугин ккола
Гьадин туснахъ гьабизе
Жиндир гIайиб щибилан?

Нуж жинда хIайранлъулин,
Жиб чIелгIеналъ чIвалилан,
Нужей – жиб рохел бугин,
Жиндий гьеб гIазаб кколин.






ГIусманги МухIамадги
ХIинкъун ругел лъаларо,
Цоцазухъги ралагьун,
Цого хоралъ гIодула:

Баба лълъел цIезе индал,
Ал гIодизе журала,
Эй тIад йиссун щвезегIан,
Ал гIодор руссунаро:

– Мун гIодугеха, ГIусу,
Дун гIодизегIан, вуцIцIа,
Мун гIемерго ахIтIеялъ
Дир гIин гIинкълъулеб бугин.

– Мунго вуцIцIун чIчIа, МухIи,
Дирги бетIер унтана,
Мун гIодулеб мехалда,
Дир гьаракь рагIуларо.



Соколёнок

ISSN№0203 - 3682

# Лачен

4/2016

июль - август

Иллюстрированный детский журнал.
Издается один раз в два месяца.

Учредитель:
Правительство Республики Дагестан.

Журнал зарегистрирован федеральной службой по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций.
Регистр. номер ПИ №ТУ5-0025
от 21 мая 2009 г.

Издается с января 1980 г.

Главный редактор
Мурад Ахмедов

Редколлегия:
М. АХМЕДОВ
М. АБДУЛХАЛИМОВ
М. БАРТИХАНОВ
Т. ЗУРГАЛОВА (ответ. секретарь)
М. ПАТАХОВ
Г. ХАБИБОВ
А. МАЛАЧИЕВА (редактор выпуска)

Худ. редактор З.Даганов
Тех.редактор Т. Лузина
Художник номера М. Муталибов
Художник обложки А. Качаев

Выход в свет 24.08.2016 г.
Тираж 1374 экз.
Заказ № 93

Типография: ООО «Издательство «Феникс пресс».
Адрес типографии: 367018, РД, г.Махачкала, ул. Петра I, 61.

Редакция и издатель: Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских литературных журналов «Соколенок» и «Литературный Дагестан»

Адрес редакции и издателя: 367025, РД, г.Махачкала, ул. Даниялова, 55.

Аварский язык

Индекс: на год - 63277,
на полугодие - 73902.

Цена свободная.